



YAYASAN PESANTERN ISLAM AL AZHAR
SD ISLAM AL AZHAR 9 KEMANG PRATAMA BEKASI
ULANGAN HARIAN
TAHUN AJARAN 2024/2025
Pangajaran 1 : Kapentingan Balaréa



Mata Pelajaran : Bahasa Sunda	Nilai:
Nama :	
Kelas : 6 (...)	
Hari / tanggal :	

Basmalah

Baca wacana di handap ieu kanggo jawaban no 1-10!

Kerja bakti téh mangrupikeun salah sahiji kagiatan anu geus maneuh di masarakat urang, umumna di padesaan. Ieu kagiatan téh geus lumangsung ti baheula nepi ka kiwari.

Naon ari kerja bakti téh? Kerja bakti nyaéta digawé babarengan kalayan kasadaran pikeun kapentingan balaréa atawa migawé pagawéan babarengan pikeun mantuan nu merlukeun bantuan. Kerja bakti pikeun kapentingan balaréa upamana baé Gerakan Jumaah Beresih, menerkeun wahangan, ngahadéan jalan, ngadandangan gang, jeung sajabana. Hasil pagawéanna ogé aya mangpaatna pikeun kapentingan balaréa. Kerja bakti pikeun jalema nu merlukeun umpamana baé kerja bakti ngadegkeun imah pikeun jalma nu teu boga.

Saméméh kerja bakti para lulugu ngayakeun riungan heula pikeun nyawalakeun naon nu baris dipigawé. Dina riungan sakur nu datang dibéré kalonggaran pikeun usul atawa bongbolongan. Hasil tina riungna kakara dibewarakeun ka masarakat pikeun ngalaksanakeun kerja bakti.

I. Berilah tanda silang huruf A, B, C, dan D pada jawaban yang benar dan tepat !

1. Naon judul nu mereunah pikeun carita di luhur
 - a. Masarakat
 - b. Kerja bakti
 - c. Jumaah bersih
 - d. Pagawean babarengan
2. Naon ari **kerja bakti** téh ...
 - a. Waktu nu geus kaliwat.
 - b. Nepikeun pamadegan atawa pamanggih.
 - c. Migawe pagawean babarengan kalayan kasadaran.
 - d. Kumpul pikeun nyawalakeun pasualan.

3. Harti kecap **usul** nyaéta
 - a. Nepikeun komentar
 - b. Nepikeun pananya
 - c. Nepikeun kagorengan
 - d. Nepikeun pamadegan
4. Sinonim tina kecap lulugu nyaeta ...
 - a. Pamingpin
 - b. Murid
 - c. Masarakat
 - d. Warga
5. Sinonim tina kecap **nyawalakeun** nyaeta ...
 - a. Kumpulan
 - b. Nasehat
 - c. Ngabadamikeun
 - d. Diwawarkeun
6. Sebutkeun conto kerja bakti pikeun jalma nu teu boga ...
 - a. Jumaah bersih
 - b. Ngahadean jalan
 - c. Ngadegkeun imah
 - d. Menerkeun wahangan
7. Samemeh kerja bakti para lulugu ngayakeun riungan heula pikeun nyawalakeun naon nu baris dipigawe.
Riungan saruaan tina ...
 - a. Kumpulan
 - b. Nasehat
 - c. Ngabadamikeun
 - d. Diwawarkeun
8. Kerja bakti samemehna dibewarakeun heula.
Dibewarakeun saruaan tina ...
 - a. Kumpulan
 - b. Nasehat
 - c. Ngabadamikeun
 - d. Diwawarkeun
9. Sebutkeun poko pikiran tina paragraf ka tilu
 - a. Kerja bakti
 - b. Riungan
 - c. Nyawalakeun
 - d. Masarakat

10. Dina riungan, saha wae nu di béré kalonggaran pikeun usul ...

- a. Lulugu nu hadir dina riungan
- b. Kabeh jalma nu hadir dina riungan
- c. Panitia anu hadir dina riungan
- d. Sapalih jalma nu hadir dina riungan

Wacana di handap pikeun nomer 11 jeung 12!

Kaéndahan Alam Pagunungan

Alam pagunungan téh éndah pisan. Sagalana héjo, hawa seger, jeung suasana téh tengtrem. Loba jalma nu resep datang ka gunung pikeun ngarasa tenang jeung nikmati alam. Salian éndah, gunung ogé mangpaat pikeun lingkungan. Tatangkalan di gunung ngahasilkeun oksigén jeung ngajaga sumber cai. Ku sabab kitu, urang kudu ngajaga kabersihan jeung ngajaga alam pagunungan sangkan tetep éndah jeung mangpaat pikeun kahirupan.

11. Karangan di luhur nyaritakeun ngeunaan (tentang) kaéndahan alam. Karangan sarupa kitu disebut karangan ...

- a. Deskripsi
- b. Narasi
- c. Eksposisi
- d. Argumentasi

12. Naon mangpaat tatangkalan pikeun kahirupan

- a. Cai
- b. Alam
- c. Oksigén
- d. Jalma

II. Isilah jawaban di bawah ini yang benar!

Hasil panitenan di handap ieu pikeun nomer 13 jeung 14!

Téknologi di jaman modéren miboga peran anu kacida pentingna dina kahirupan sapopoe. Téknologi mantuan urang dina komunikasi, diajar, pagawean, jeung transportasi. Sanaos loba mangpaatna, téknologi ogé kudu dipaké kalayan bijaksana sangkan teu nimbulkeun dampak negarif, sapertos kacanduan gadget atawa penyalahgunaan informasi. Ku kituna, urang kudu bisa ngamangpaatkeun téknologi pikeun kamajuan jeung kasejahteraan balaréa.

13. Objek tina hasil panitenanna di luhur nyaéta ...

14. Sebutkeun hal poko tina kajadian di luhur nyaéta ...

15. Pikiran lulugu ayana dina ... lulugu.

16. Kalimah lulugu aya di mimiti, tengah, jeung
17. Radio mangrupikeun alat inpormasi, pendidikan, jeung hiburan nu ...
18. Pamarentah Indonesia baris ngebebaskeun biaya pendidikan dasar ti mimiti taun ajaran 2005.
Hal poko tina warta radio di luhur nyaéta ...

Carita di handap ieu pikeun nomer 17 jeung 18!

SD Al Azhar keur ngayakeun kerja bakti pikeun meresihan pakarangan sakola. Sakabeh murid ti kelas hiji nepi ka kelas genep milu meresihan. Ibu sareng bapa guru oge ngiring meresihan.

19. Kalimah lulugu dina carita di luhur nyaéta ...
20. Pikiran lulugu dina carita di luhur nyaéta ...

Sebutkeun 5 conto kerja bakti pikeun balaréa di handap!

21.
22.
23.
24.
25.

Hamdalah
